# ГЪУДУЛЛЪИ
## ДРУЖБА

druzhba555@mail.ru
druzhbabotlih.ru

№ 49-50 (10300-10301)

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА 2022 сон. 6 июль / АрбагI


## БАРКУЛА ГIИДАЛЪУЛ КЪО!





Ас-саламу гIалайкум ва рахIматуллагьи тагIала ва баракатугьу.
Дир хириял, районгун ракьцоял, диналъул вацал ва яцал!

Гьале тIаде щвана баркат-рахIматгун нилъехъе рещтIараб гIидалъул байрам-Къурбанаб къо. Къварилъигун гIатIилъиги, гIумруялъ кинал хIалбихьиял нилъеде рещтIинаруниги нилъер бусурманаб уммат буго, Аллагьасде мугъчIван, Аварагасул (с.т.г1.в) нух ккун тIолабго хIехьолеб. АлхIамдулиллагь, щукру Аллагьасе, бусурбабилъун нилъ рижун ратиялдаса.

Хьул буго Бет1ергьанас тIабигIиял балагьаздасаги, унта-щокъ-лъабаздасаги, къварилъабаздасаги нилъ цIунараллъун гьарилин. Гьаб тIаде щвараб гIидалъул Къурбан къоги баркулаго, киназего гьаризе бокьун буго рекIее парахалъи, иман щулалъи, щивасе сахлъи.

Гьединго гьарула ТIадегIанав Аллагьасда Къурбаналъул гIидалъул къо бусурбабазда гьоркьоб гьудуллъи ва вацлъи щула гьабулеблъун, дин-исламалде рокьи цIикIкIинабулеблъун ва баракат гьарзаяблъун гьабеян.

**Руслан ХIамзатов, районалъул бетIер**

Зуль-ХIиджа- гьаб моцI ккола жиб кIодо гьабурасе цIакъ даража гIемераб моцI. Зуль-ХIиджа моцIалда жаниб бищун хирияблъун рикIкIуна ГIарафа къо ва Къурбан байрам. Гьединлъидал дуня-лалъулго бусурбабаз адаб-хIурматгун кIодо гьарула гьел къоял.

ТIаде щолел гIидалъул къоял гьоркьор ккун, бокьун буго, район-цоял, нужеда баркизе гьал хириял къоял. Гьединго, хириял диналъул вацал ва яцал, хIурматиял ракьцоял, гIисиналги, чIахIиялги, нуже-да Къурбаналъул гIидалъул байрам баркулаго, бокьун буго ракI-ракIалъ нужее гьаризе гIумруялъулъ кинабго лъикIабщинаб:сахлъи, талихI, гIаданлъи, халатаб гIумру, цоцадехун ракIбацIцIадаб адаб-хIурмат цIунараб бербалагьи.

Гьудуллъи ва вацлъи ккола гIадамазул, хасго гIунрачIунел гIелазул талихIалъул кьучIлъун. Гьеб щулалъиялде ралагьизареги Аллагьас щивас хъураб къурбанги ва гьенир гьарулел гьари-дугIабиги.

Аллагьас киназего тавпикъ кьеги битIараб нухдаса ине.

БетIергьан разияб гIамал гьабизе къуватги кьеги нилъее киназе-го.

**МухIамад ПатхIулаев,**
**ДРялъул халкъияв депутат.**

## ВЕТЕРАНАЗУЛ КЪО КIОДО ГЬАБУНА

Нилъер Улкаялдаги, гьелъул гIорхъи бахун къватIибехунги ккарал рагъулал лъугьа-бахъ-иназул гIахьалчагIи-ветеранал ракIалде щве-зарун гьал къоязда райадминистрациялъул аз-баралда бугеб памятникалда цебе тIобитIана митинг.

Ветераназул Къо кIодо гьабураб гьеб тадби-ралда гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIер Руслан ХIамзатовас, гьесул заместителаз, районалда бугеб ОМВД ва 25908 рагъулаб ча-сталъул нухмалъулез, районалъул цо-цо роса-базул ва идарабазул нухмалъулез.

Узухъда, гьеб митингалда бищунго кIвар бу-гел гьалбал рукIана Афгъанистаналъул ва рай-оналда 1999 соналъ ккарал лъугьа-бахъиназул гIахьалчагIи.

Митингалда данделъараз памятникал-да цере лъуна тIугьдул ва минуталъулаб сихIкъотIиялда ракIалде щвезаруна ветеранал ва гьезул бахIарчиял ишал.

Тадбиралъул хадусеб хIалтIи тIобитIана та-рихиябгун-краеведениялъул музеялда жаниб. Россиялъул ва Дагъистаналъул гимназдаса хадуб, районалъул нухмалъулес баркала за-гьир гьабуна данделъиялда гIахьаллъаралги, гьел гьоркьорккун районцоял-ветерана-зеги ВатIан цIунулаго гьез бихьизабураб къуркьигьечIолъиялъухъ, бахIарчилъиялъухъ, рагъухъанасул цIар борхатго цIуниялъухъ ва гIунрачIунел гIелазе мустахIикъаб мисаллъун гьел рукIиналъухъ.

-Нилъер районалъул халкъалда рагIунгуреб, бихьун лъала рагъулал лъугьа-бахъиназул кьогIлъиги, рокьукълъиги, гьез нахъе толеб пашманаб лъалкIги. Халкъаздагьоркьосел тер-рористаздасан район цIунулаго течIо нилъеца нилъерго цIар гIодобе бортизе, мустахIикъго цIунана районги Россиялъул цолъиги.

Жакъаги, гьединго мустахIикъго, нилъер районалъул гIолилаз тIадаб налъи борхулеб буго Украиналда унеб хасаб рагъулаб операци-ялъулъ.

Гьадинал къояз рес кьола нилъее киналго бахIарзал ракIалде щвеялъеги, гьезул мисалал-да гIунрачIунел гIелал куцаялъеги.

Ветераназда гьезул Къо баркана ОМВДялъ-ул начальник МухIамад МухIамадовас, 25908 рагъулаб часталъул командир Ян Олениница, митингалъул цогидал гIахьалчагIаз.

Гьединго гьенив кIалъазе вахъана Украи-налда унеб рагъулаб операциялъул гIахьалчи, къокъабго хIухьбахъиялда вугев ХIажимурад ХIайбулаевги.

ТIоцебесеб иргаялда гьес баркала кьуна тад-бир гIуцIцIарал киназего, баркана ветераназда гьезул Къо.

**С. Сайпуева.**

# САПАР ЛЪИКIАБ БАТАГИ

**Щивав бусурбанчиясда, жиндир ругел ресазда рекъон, Аллагьас тIадаблъун гьабун буго хIеж борхи. Диналъе каваби рагьарал соназдаса нахъейин абуни, гIадатияб жолъун ккана росуцояз хIежалде унел чагIи нухда регIи. Щивав бусурбанчияс ХIабибасде (с.т.гI.в.) салам бицеян гьара-рахьигун нухда регIула гьел.**

**ХIажизабазде ХитIаб**

-Нужее нух битIаги, хириял хIажизаби,
ХIабибасул ракьалде сапаралъ унел ругел.
Сапар лъикIаб батаги ният бацIцIадаб агьлу,
Исламалъул рукну тIубазе къасд гьабурал.
Гьабеги нужей кумек хIалкIолев бетIергьанас.
ХIежалъул, гIумраялъул арканал тIоритIизе.
ТIураги киназулго лъикIалщинал анищал
Щваги нуж мурадалде мунагь-хатIаби чурун.
Нилъер къасдал рорцунеб сапар бугелъул,
Сабру кьеги нужей диналъул вацал
Нафсги къезе гьабун, гьудуллъи цIикIкIун
ДагIба-къец тIагIунеб зиярат бата.
Аллагьасул рахIмат-цIобал цIикIкIараб,
Баракат гьарзаяб нургун рачIаги.
ХIарамаб рихунеб, вахIшилъи хвараб,
Ханасул амругун тIаде руссаги.
КагIбаялде щведал квешаб кIочон тун,
ДугIа-алхIам цIале гьорлъ нижги рехсон
КантIи цIикIкIагиян гьарулеб мехалъ,
Нижги гIахьал гьарун ХIабибги рехсе.
Воре вацал, яцал, нуж хIажизаби!
Щвезаре ракIалде гьанир хутIарал,
Кири гьарулаго кагIба рокъор щун
Нужер шафагIатлъи нижейги щваян.
Равза рокъор щведал саламги бицун,
ХIабиб вохизаве нижер рахъалъа.
ХIасратаб ракьалда хIетIе чIарабго,
Нижер урхъиялъул рагье рисалат.

**П. Камилова**



# Бищунго хирияблъун гьабураб къо



Баркула киназдаго тIаде щвараб Къурбан къо. Аллагьас баркатаб батаги. Гьаб буго бищун кIудияб гIидалъул къо, Аллагьас жиб бищун хира гьабураб къоги буго.

Абу Давудица ГIабдлагьидасан бицараб хIадисалда буго Аварагас абунин (с.гI.в.с.) Къоязул бищун тIадегIанаб къо Аллагьасда аскIоб Къурбан къо буго-ян.

Цоги ГIабдуллагь бин МасгIудидасан бицараб хIадисалда буго Аварагас абунин (с.гI.в.с.) ТIадегIанав Аллагьас къоязулункъгояб тIаса бищанила, моцIазулги ункъгояб, руччабазулги ункъгояй, ункъгояв тIоцеве Алжаналъувеги лъугьине вуго, ва ункъгояв жиндилъ алжан гIашикъавги вуго-ян.

Ункъго къойин абуни хIадисалда рехсараб:

1) Рузман къо; Гьелъулъ цо гIуж буго дунял-ахираталъул щиб жо гьараниги гьеб гIужалъ Аллагьас кьечIого толареб.;

2) ГIарафа къо. ГIарафа къоялъ Аллагь чIухIулила малаикзабаздаса. Аллагьасги абулила малаикзабазде: нуж балагье дир лагъзадериде, дихъе рачIарал хIурул цIун, боцIиги хвезе гьабун, чурхдулги сваказарун, нужеца нугIлъи гьабе хIакълъунго дица гьезул мунагьал чуранаян.

3) Къурбан къо. Къурбан къоялъ гьес Къурбан хъураб мехалъ тIоцебесеб бидул къатIра ракьалде щвейгун гьесул киналниги гьитIинал мунагьал чурулила;

4) КIал биччаялъул ГIидалъул къо.

Аллагьас гьесул гIидалъул къоялъги киналго гIисинал мунагьал чурулила, тIадеги, квешалги лъикIаллъун хъвалила.

Къурбаналъул гIидалъул сордо борчIизеги, гIибадаталда, хирияб буго.

МагIаз бин Джабалица бицараб хIадисалда буго, Аварагас абунин (жинда свалат салам лъеяв) щив чи вугониги, жинца щуго сордо чIаго гьабун, гьесие алжан тIалъана.

1) Тарвият сордо (микьабилеб зулхIиджа); 2) ГIарафа сордо (ичIабилеб зулхIиджа); 3) Къурбан сордо; 4) КIалбиччаялъул гIидалъул сордо; 5) ШагIбан бащалъулеб сордо,-ян.

Гьединго бицараб хIадисалда буго; Нужеца нужерго гIидал берцин гьаре такбиралдалъун.

Бищунго хирияб ккола Къурбан хъвей.

Тирмизиясги цогидазги бицараб хIадисалда буго (Адамил лъимералъ Къурбан къоялъ къурбан хъвейгIан Аллагьасе бокьулеб гIамал гьабичIила. Гьес хъураб къурбанги къиямасеб къоялъ бачIулила гьесухъе лълъаргун, расгун, тIомгун, ай кинабго къурбаналъул биги Аллагьасда аскIоб кIудияб даражаялда щола ракьалде щолелде. Нужеца нужерго нафс бацIцIад гьабе Къурбан хъун.

Цоги хIадисалда буго Ибну Маджагьидицаги цогидазги бицараб АсхIабзабаз (р.гI.) Аварагасда (жинда свалат салам лъеяв) гьикъана: Гьаб щиб Къурбан? Аварагас абуна (с.гI.в.) нужер эмен Ибрагьимил нух буго. АсхIабзабаз цIехана: гьеб къурбан хъуни нижей щиб бугеб я Бичасул Авараг? Гьес абуна: Щибаб рас рикIкIун лъикIлъи. Гьез гьикъана: квасалъухъищ? Гьес абуна: квасулъ бугеб щибаб расалъухъ лъикIлъи щвезе бугила.

ГIабраниясул цоги риваяталда буго, Аварагас абунин(с.гI.в.с.) щив чи вугониги, къурбан хъун жиндирго нафс бацIалъизе, къурбаналъул кириги щвезе гьес хъураб къурбан жужахIалъе пардавлъун букIунила.

ГIабраниясул цоги риваяталда буго Аварагас (с.гI.в.с.)абунин: Къурбан къоялъ къурбаналъе кьолеб гIарац Аллагьасе жиндир нухда кьолел гIарцазул бищун бокьулеб буго-ян.

Гьединго Къурбан хъолеб бакIалда вукIинеги лъикIаб буго.

Базарицаги ва цогидазги бицараб хIадисалда буго: Бичасул Аварагас (с.гI.в.с.) ФатIиматиде (р.гI.) абуна йилъа мун дурго къурбаналъухъе мунги гьелда аскIой йикIа, дур цере арал киналниги мунагьал чуризе руго. ФатIиматица цIехана, Я Бичасул Авараг (с.гI.в.с.) Гьаб хасаб нижер Аварагасул агьлуялъегийищ. Аварагас абуна (с.гI.в.с.) Нижееги киналго бусурбабазегиян.

Цоги кьучIаб хIадисалда буго: «Щив чи вугониги, Къурбан хъвезе гIарацги букIун, гьебги хъвечIев, гьев нижеца как балеб бакIалде вачIуге абе».

**МухIамадягIсуб,**
**РахатIа росдал дибир.**

**РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН**
**МУНИЦИПАЛЬНЫЙ РАЙОН**
**«БОТЛИХСКИЙ РАЙОН»**
**СОБРАНИЕ ДЕПУТАТОВ МУНИЦИПАЛЬНОГО РАЙОНА**
**368970, Республика Дагестан, Ботлихский район, с.Ботлих, тел.:8 (87271) 22045**

**РЕШЕНИЕ №31**
**О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального района «Ботлихский район»**
**02.06. 2022г. с. Ботлих**

С целью приведения Устава муниципального района «Ботлихский район» в соответствие с федеральным и региональным законодательством Собрание депутатов муниципального района «Ботлихский район», **РЕШИЛО:**

**1. Внести в Устав муниципального района «Ботлихский район» следующие изменения и дополнения:**

**1) В статье 6:**

в части 1 статьи 6:

а) в пункте 5 слова «за сохранностью автомобильных дорог местного значения» заменить словами «на автомобильном транспорте, городском наземном электрическом транспорте и в дорожном хозяйстве»;

б) в пункте 27 слова «использования и охраны» заменить словами «охраны и использования»;

в) в пункте 35 слова «, проведение открытого аукциона на право заключить договор о создании искусственного земельного участка» исключить;

г) пункт 39 части 1 изложить в следующей редакции: «39) организация в соответствии с федеральным законом выполнения комплексных кадастровых работ и утверждение карты-плана территории.»;

2) дополнить статьей 14.1 следующего содержания:

**«Статья 14.1. Инициативные проекты**

1. В целях реализации мероприятий, имеющих приоритетное значение для жителей муниципального района или его части, по решению вопросов местного значения или иных вопросов, право решения, которых предоставлено органам местного самоуправления, в администрацию муниципального района может быть внесен инициативный проект. Порядок определения части территории муниципального района, на которой могут реализовываться инициативные проекты, устанавливается нормативным правовым актом Собрания депутатов муниципального района.

2. С инициативой о внесении инициативного проекта вправе выступить инициативная группа численностью не менее десяти граждан, достигших шестнадцатилетнего возраста и проживающих на территории муниципального района, органы территориального общественного самоуправления, староста сельского населенного пункта (далее - инициаторы проекта). Минимальная численность инициативной группы может быть уменьшена нормативным правовым актом Собрания депутатов муниципального района. Право выступить инициатором проекта в соответствии с нормативным правовым актом Собрания депутатов муниципального района может быть предоставлено также иным лицам, осуществляющим деятельность на территории муниципального района.

3. Инициативный проект должен содержать следующие сведения:

1) описание проблемы, решение которой имеет приоритетное значение для жителей муниципального района или его части;

2) обоснование предложений по решению указанной проблемы;

3) описание ожидаемого результата (ожидаемых результатов) реализации инициативного проекта;

4) предварительный расчет необходимых расходов на реализацию инициативного проекта;

5) планируемые сроки реализации инициативного проекта;

6) сведения о планируемом (возможном) финансовом, имущественном и (или) трудовом участии заинтересованных лиц в реализации данного проекта;

7) указание на объем средств местного бюджета в случае, если предполагается использование этих средств на реализацию инициативного проекта, за исключением планируемого объема инициативных платежей;

8) указание на территорию муниципального района или его часть, в границах которой будет реализовываться инициативный проект, в соответствии с порядком, установленным нормативным правовым актом Собрания депутатов муниципального района;

9) иные сведения, предусмотренные нормативным правовым актом Собрания депутатов муниципального района.

4. Инициативный проект до его внесения в администрацию муниципального района подлежит рассмотрению на собрании или конференции граждан, в том числе на собрании или конференции граждан по вопросам осуществления территориального общественного самоуправления, в целях обсуждения инициативного проекта, определения его соответствия интересам жителей муниципального района или его части, целесообразности реализации инициативного проекта, а также принятия сходом, собранием или конференцией граждан решения о поддержке инициативного проекта. При этом возможно рассмотрение нескольких инициативных проектов на одном сходе, одном собрании или на одной конференции граждан.

Нормативным правовым актом Собрания депутатов муниципального района может быть предусмотрена возможность выявления мнения граждан по вопросу о поддержке инициативного проекта также путем опроса граждан, сбора их подписей.

Инициаторы проекта при внесении инициативного проекта в администрацию муниципального района прикладывают к нему соответственно протокол собрания или конференции граждан, результаты опроса граждан и (или) подписные листы, подтверждающие поддержку инициативного проекта жителями муниципального района или его части.

5. Информация о внесении инициативного проекта в администрацию муниципального района подлежит опубликованию (обнародованию) и размещению на официальном сайте муниципального района в информационно-телекоммуникационной сети "Интернет" в течение трех рабочих дней со дня внесения инициативного проекта в местную администрацию и должна содержать сведения, указанные в части 3 настоящей статьи, а также об инициаторах проекта. Одновременно граждане информируются о возможности представления в администрацию муниципального района своих замечаний и предложений по инициативному проекту с указанием срока их представления, который не может составлять менее пяти рабочих дней. Свои замечания и предложения вправе направлять жители муниципального района, достигшие шестнадцатилетнего возраста.

6. Инициативный проект подлежит обязательному рассмотрению администрацией муниципального района в течение 30 дней со дня его внесения. Администрация муниципального района по результатам рассмотрения инициативного проекта принимает одно из следующих решений:

1) поддержать инициативный проект и продолжить работу над ним в пределах бюджетных ассигнований, предусмотренных решением о местном бюджете, на соответствующие цели и (или) в соответствии с порядком составления и рассмотрения

проекта местного бюджета (внесения изменений в решение о местном бюджете);

2) отказать в поддержке инициативного проекта и вернуть его инициаторам проекта с указанием причин отказа в поддержке инициативного проекта.

7. Администрация муниципального района принимает решение об отказе в поддержке инициативного проекта в одном из следующих случаев:

1) несоблюдение установленного порядка внесения инициативного проекта и его рассмотрения;

2) несоответствие инициативного проекта требованиям федеральных законов и иных нормативных правовых актов Российской Федерации, законов и иных нормативных правовых актов Республики Дагестан, уставу муниципального района;

3) невозможность реализации инициативного проекта ввиду отсутствия у органов местного самоуправления необходимых полномочий и прав;

4) отсутствие средств местного бюджета в объеме средств, необходимом для реализации инициативного проекта, источником формирования которых не являются инициативные платежи;

5) наличие возможности решения описанной в инициативном проекте проблемы более эффективным способом;

6) признание инициативного проекта не прошедшим конкурсный отбор.

8. Администрация муниципального района вправе, а в случае, предусмотренном пунктом 5 части 7 настоящей статьи, обязана предложить инициаторам проекта совместно доработать инициативный проект, а также рекомендовать представить его на рассмотрение органа местного самоуправления иного муниципального образования или государственного органа в соответствии с их компетенцией.

9. Порядок выдвижения, внесения, обсуждения, рассмотрения инициативных проектов, а также проведения их конкурсного отбора устанавливается Собранием депутатов муниципального района.

10. В отношении инициативных проектов, выдвигаемых для получения финансовой поддержки за счет межбюджетных трансфертов из бюджета Республики Дагестан, требования к составу сведений, которые должны содержать инициативные проекты, порядок рассмотрения инициативных проектов, в том числе основания для отказа в их поддержке, порядок и критерии конкурсного отбора таких инициативных проектов устанавливаются в соответствии с законом и (или) иным нормативным правовым актом Республики Дагестан. В этом случае требования частей 3, 6, 7, 8, 9, 11 и 12 настоящей статьи не применяются.

11. В случае, если в администрацию муниципального района внесено несколько инициативных проектов, в том числе с описанием аналогичных по содержанию приоритетных проблем, местная администрация организует проведение конкурсного отбора и информирует об этом инициаторов проекта.

12. Проведение конкурсного отбора инициативных проектов возлагается на коллегиальный орган (комиссию), порядок формирования и деятельности которого определяется нормативным правовым актом Собрания депутатов муниципального района. Состав коллегиального органа (комиссии) формируется администрацией муниципального района. При этом половина от общего числа членов коллегиального органа (комиссии) должна быть назначена на основе предложений Собрания депутатов муниципального района. Инициаторам проекта и их представителям при проведении конкурсного отбора должна обеспечиваться возможность участия в рассмотрении коллегиальным органом (комиссией) инициативных проектов и изложения своих позиций по ним.

13. Инициаторы проекта, другие граждане, проживающие на территории муниципального района, уполномоченные собранием или конференцией граждан, а также иные лица, определяемые законодательством Российской Федерации, вправе осуществлять общественный контроль за реализацией инициативного проекта в формах, не противоречащих законодательству Российской Федерации.

14. Информация о рассмотрении инициативного проекта администрацией муниципального района, о ходе реализации инициативного проекта, в том числе об использовании денежных средств, об имущественном и (или) трудовом участии заинтересованных в его реализации лиц, подлежит опубликованию (обнародованию) и размещению на официальном сайте муниципального района в информационно-телекоммуникационной сети "Интернет". Отчет администрации муниципального района об итогах реализации инициативного проекта подлежит опубликованию (обнародованию) и размещению на официальном сайте муниципального района в информационно-телекоммуникационной сети "Интернет" в течение 30 календарных дней со дня завершения реализации инициативного проекта.».

**3) В статье 15:**

Внести в части 4 и 5 статьи 15 изменения, изложив их в следующей редакции:

«4. Порядок организации и проведения публичных слушаний определяется уставом муниципального образования и (или) нормативными правовыми актами Собрания депутатов муниципального района и должен предусматривать заблаговременное оповещение жителей муниципального образования о времени и месте проведения публичных слушаний, заблаговременное ознакомление с проектом муниципального правового акта, в том числе посредством его размещения на официальном сайте органа местного самоуправления в информационно-телекоммуникационной сети "Интернет" или в случае, если орган местного самоуправления не имеет возможности размещать информацию о своей деятельности в информационно-телекоммуникационной сети "Интернет", на официальном сайте субъекта Российской Федерации или муниципального образования с учетом положений Федерального закона от 9 февраля 2009 года N 8-ФЗ "Об обеспечении доступа к информации о деятельности государственных органов и органов местного самоуправления" (далее в настоящей статье - официальный сайт), возможность представления жителями муниципального образования своих замечаний и предложений по вынесенному на обсуждение проекту муниципального правового акта, в том числе посредством официального сайта, другие меры, обеспечивающие участие в публичных слушаниях жителей муниципального образования, опубликование (обнародование) результатов публичных слушаний, включая мотивированное обоснование принятых решений, в том числе посредством их размещения на официальном сайте.

Уставом муниципального образования и (или) нормативными правовыми актами представительного органа муниципального образования может быть установлено, что для размещения материалов и информации, указанных в абзаце первом настоящей части, обеспечения возможности представления жителями муниципального образования своих замечаний и предложений по проекту муниципального правового акта, а также для участия жителей муниципального образования в публичных слушаниях с соблюдением требований об обязательном использовании для таких целей официального сайта может использоваться федеральная государственная информационная система "Единый портал государственных и муниципальных услуг (функций)", порядок использования которой для целей настоящей статьи устанавливается Правительством Российской Федерации.

5. По проектам генеральных планов, проектам правил землепользования и застройки, проектам планировки территории, проектам межевания территории, проектам правил благоустройства территорий, проектам, предусматривающим внесение изменений в один из указанных утвержденных документов, проектам решений о предоставлении разрешения на

условно разрешенный вид использования земельного участка или объекта капитального строительства, проектам решений о предоставлении разрешения на отклонение от предельных параметров разрешенного строительства, реконструкции объектов капитального строительства, вопросам изменения одного вида разрешенного использования земельных участков и объектов капитального строительства на другой вид такого использования при отсутствии утвержденных правил землепользования и застройки проводятся публичные слушания или общественные обсуждения в соответствии с законодательством о градостроительной деятельности.».

**4) В статье 16:**

а) часть 1 после слов «и должностных лиц местного самоуправления,» дополнить словами «обсуждения вопросов внесения инициативных проектов и их рассмотрения,»;

б) часть 2 дополнить абзацем следующего содержания:

«В собрании граждан по вопросам внесения инициативных проектов и их рассмотрения вправе принимать участие жители соответствующей территории, достигшие шестнадцатилетнего возраста. Порядок назначения и проведения собрания граждан в целях рассмотрения и обсуждения вопросов внесения инициативных проектов определяется нормативным правовым актом Собрания депутатов муниципального района.»;

**5) В статье 17:**

а) часть 2 дополнить предложением следующего содержания:

«В опросе граждан по вопросу выявления мнения граждан о поддержке инициативного проекта вправе участвовать жители муниципального района или его части, в которых предлагается реализовать инициативный проект, достигшие шестнадцатилетнего возраста.»;

б) часть 3 дополнить пунктом 3 следующего содержания:

«3) жителей муниципального района или его части, в которых предлагается реализовать инициативный проект, достигших шестнадцатилетнего возраста, - для выявления мнения граждан о поддержке данного инициативного проекта.»;

в) часть 5 изложить в следующей редакции:

«5. Решение о назначении опроса граждан принимается Собранием депутатов муниципального района. Для проведения опроса граждан может использоваться официальный сайт муниципального района в информационно-телекоммуникационной сети "Интернет". В нормативном правовом акте Собрания депутатов муниципального района о назначении опроса граждан устанавливаются:

1) дата и сроки проведения опроса;

2) формулировка вопроса (вопросов), предлагаемого (предлагаемых) при проведении опроса;

3) методика проведения опроса;

4) форма опросного листа;

5) минимальная численность жителей муниципального района, участвующих в опросе;

6) порядок идентификации участников опроса в случае проведения опроса граждан с использованием официального сайта муниципального района в информационно-телекоммуникационной сети "Интернет".».

г) пункт 1 части 7 дополнить словами «или жителей муниципального района»;

**6) В статье 26:**

В части 3 статьи 26 слова «, не может одновременно исполнять полномочия депутата Собрания депутатов иного муниципального образования или выборного должностного лица иного муниципального образования, за исключением случаев, установленных Федеральным законом от 06.10.2003 года №131 – ФЗ,» исключить;».

**7) В статье 27:**

часть 7 стать 27 изложить в следующей редакции:

«7) прекращения гражданства Российской Федерации либо гражданства иностранного государства - участника международного договора Российской Федерации, в соответствии с которым иностранный гражданин имеет право быть избранным в органы местного самоуправления, наличия гражданства (подданства) иностранного государства либо вида на жительство или иного документа, подтверждающего право на постоянное проживание на территории иностранного государства гражданина Российской Федерации либо иностранного гражданина, имеющего право на основании международного договора Российской Федерации быть избранным в органы местного самоуправления, если иное не предусмотрено международным договором Российской Федерации;»;

**8) В статье 28**:

часть 5 статьи 28 изложить в следующей редакции:

«5. Глава муниципального района не может быть депутатом Государственной Думы Федерального Собрания Российской Федерации, сенатором Российской Федерации, депутатом законодательных (представительных) органов государственной власти Республики Дагестан, занимать иные государственные должности Российской Федерации, государственные должности Республики Дагестан, а также должности государственной гражданской службы и должности муниципальной службы, если иное не предусмотрено федеральными законами.

Глава муниципального района не может одновременно исполнять полномочия депутата представительного органа муниципального района, за исключением случаев, установленных Федеральным законом от 06.10.2003 года №131 – ФЗ, иными федеральными законами.».

**9) В статье 30:**

часть 9 статьи 30 изложить в следующей редакции:

«9) прекращения гражданства Российской Федерации либо гражданства иностранного государства - участника международного договора Российской Федерации, в соответствии с которым иностранный гражданин имеет право быть избранным в органы местного самоуправления, наличия гражданства (подданства) иностранного государства либо вида на жительство или иного документа, подтверждающего право на постоянное проживание на территории иностранного государства гражданина Российской Федерации либо иностранного гражданина, имеющего право на основании международного договора Российской Федерации быть избранным в органы местного самоуправления, если иное не предусмотрено международным договором Российской Федерации;»;

**10) В статье 37:**

часть 2 статьи 37 изложить в следующей редакции:

«2. Организация и осуществление видов муниципального контроля регулируются Федеральным законом от 31 июля 2020 года N 248-ФЗ "О государственном контроле (надзоре) и муниципальном контроле в Российской Федерации".».

**11) В статье 42:**

дополнить частью 7.1 следующего содержания:

«7.1 Порядок установления и оценки применения содержащихся в муниципальных нормативных правовых актах обязательных требований, которые связаны с осуществлением предпринимательской и иной экономической деятельности и оценка соблюдения которых осуществляется в рамках муниципального контроля, привлечения к административной ответственности, предоставления лицензий и иных разрешений, аккредитации, иных форм оценки и экспертизы (далее - обязательные требования), определяется муниципальными нормативными правовыми актами с учетом принципов установления и оценки применения обязательных требований, определенных Федеральным законом от 31 июля 2020 года N 247-ФЗ "Об обязательных требованиях в Российской Федерации".».

**12) В статье 43:**

В абзаце втором части 5 статьи слово "его" исключить, дополнить словами "уведомления о включении сведений об уставе муниципального образования, муниципальном правовом акте о внесении изменений в устав муниципального образования в государственный реестр уставов муниципальных образований субъекта Российской Федерации, предусмотренного частью 6 статьи 4 Федерального закона от 21 июля 2005 года N 97-ФЗ "О государственной регистрации уставов муниципальных образований".».

**13) В статье 44:**

а) в абзаце первом части 7 статьи 44 слова «обязанности для субъектов предпринимательской и инвестиционной деятельности» заменить словами «обязательные требования для субъектов предпринимательской и иной экономической деятельности, обязанности для субъектов инвестиционной деятельности»;

б) часть 7 дополнить пунктом следующего содержания:

3) проектов нормативных правовых актов, разработанных в целях ликвидации чрезвычайных ситуаций природного и техногенного характера на период действия режимов чрезвычайных ситуаций.»;

в) абзац 4 части 7 изложить в следующей редакции:

«Оценка регулирующего воздействия проектов муниципальных нормативных правовых актов проводится в целях выявления положений, вводящих избыточные обязанности, запреты и ограничения для субъектов предпринимательской и иной экономической деятельности или способствующих их введению, а также положений, способствующих возникновению необоснованных расходов субъектов предпринимательской и иной экономической деятельности, и местных бюджетов.».

**14) В статье 52:**

а) часть 1 статьи 52 изложить в следующей редакции:

«1. Бюджет муниципального района (районный бюджет) и свод бюджетов сельских поселений, входящих в состав муниципального района (без учета межбюджетных трансфертов между этими бюджетами), образуют консолидированный бюджет муниципального района.

В качестве составной части бюджета муниципального района могут быть предусмотрены сметы доходов и расходов отдельных населенных пунктов, других территорий, не являющихся муниципальными образованиями. Порядок составления, утверждения и исполнения указанных смет определяется органами местного самоуправления соответствующих муниципальных образований самостоятельно с соблюдением требований, установленных Бюджетным кодексом Российской Федерации.».

б) часть 4 статьи 52 дополнить абзацами следующего содержания:

«Проведение проверки соответствия кандидатов на замещение должности руководителя финансового органа муниципального района, квалификационным требованиям осуществляется с участием финансового органа Республики Дагестан. Порядок участия финансового органа Республики Дагестан в проведении указанной проверки устанавливается законом Республики Дагестан.».

**15) дополнить статьей 53.1 следующего содержания:**

«Статья 53.1. Финансовое и иное обеспечение реализации инициативных проектов

1. Источником финансового обеспечения реализации инициативных проектов, предусмотренных статьей 14.1 настоящего устава, являются предусмотренные решением о местном бюджете бюджетные ассигнования на реализацию инициативных проектов, формируемые в том числе с учетом объемов инициативных платежей и (или) межбюджетных трансфертов из бюджета Республики Дагестан, предоставленных в целях финансового обеспечения соответствующих расходных обязательств муниципального района.

2. Под инициативными платежами понимаются денежные средства граждан, индивидуальных предпринимателей и образованных в соответствии с законодательством Российской Федерации юридических лиц, уплачиваемые на добровольной основе и зачисляемые в соответствии с Бюджетным кодексом Российской Федерации в местный бюджет в целях реализации конкретных инициативных проектов.

3. В случае, если инициативный проект не был реализован, инициативные платежи подлежат возврату лицам (в том числе организациям), осуществившим их перечисление в местный бюджет. В случае образования по итогам реализации инициативного проекта остатка инициативных платежей, не использованных в целях реализации инициативного проекта, указанные платежи подлежат возврату лицам (в том числе организациям), осуществившим их перечисление в местный бюджет.

Порядок расчета и возврата сумм инициативных платежей, подлежащих возврату лицам (в том числе организациям), осуществившим их перечисление в местный бюджет, определяется нормативным правовым актом Собрания депутатов муниципального района.

4. Реализация инициативных проектов может обеспечиваться также в форме добровольного имущественного и (или) трудового участия заинтересованных лиц.».

II. Главе муниципального района «Ботлихский район» в порядке установленном Федеральным законом от 21.07.2005г. №97-ФЗ «О государственной регистрации уставов муниципальных образований», представить настоящее Решение «О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального района «Ботлихский район» на государственную регистрацию в Управление Министерства юстиции Российской Федерации по Республике Дагестан.

III. Главе муниципального района «Ботлихский район» опубликовать Решение «О внесении изменений и дополнений в Устав муниципального района «Ботлихский район» в течении семи дней со дня его поступления с Управления Министерства юстиции Российской Федерации по Республике Дагестан после его государственной регистрации.

IV. Настоящее решение вступает в силу со дня его официального опубликования, произведенного после его государственной регистрации.

**Глава муниципального района** **Р.С. Гамзатов**

**Председатель Собрания депутатов** **М.О. Омаров**

# ИМАМ ШАМИЛ ГЬАВУРАЛДАСА- 225 СОН




Гъазимух1амадгин Х1амзат хун хадув
Халкъалъ имамлъуде вищана Шамил.
Хундерил т1алъигун хьиндал жаниблъи,
Жинда мут1иг1лъаян лъазе гьабуна.

Шариг1ат рихарав хабар чиясе,
Хвалчадул суд бук1ин баян гьабула
Нагагь хилиплъани халкъияб диван,
Дуда бич1ч1ун бук1ареч1ч1ула г1уждa.

Нилъер умумузул аби батана,
Бачидаго лъалин оц лъугьунеб жо.
Кавказалъе имам инсуе цо вас,
Г1асрабазе дур ц1ар хут1ана нахъе.

Шамил, мун гьит1инго гъалбац1 вук1ана
Бугъбиги чункулев чуркьби мерхьулев.
Г1акъилав, къуватав, къвак1и-ях1 бугев,
Х1алимав, залимав вук1ана имам.

Зулмуялде данде зулму тункана,
Толаресе жаваб хвалчадул кьуна.
Ханзабазул зулму заралъ ч1инт1ана,
Мискинаб халкъалъе эркенлъи кьуна.

Кьоло щуго соналъ ват1анги ц1унун,
Ц1адулъги бидулъги жанив лъедана.
Лъала мун халкъалда, хирияв имам,
Хут1ила дур бицен абадиялъе.

Мун жанив гьавураб Генуб росуги
Россиялъул г1антал г1акъилзабиги,
Маг1арул г1адатги г1адлуги ях1ги,
Г1адамазда гьоркьоб адаб-хъулухъги.

Гьобол-гьудуласул х1урматги бугел,
Х1ажалъи ккаралъуб бахьун рух1 кьолел.
Кьалуе х1адурав Х1ажимурадги,
Х1инкъи-къай лъаларел мюридзабиги.

Гьеб кинабго буго Дагъистаналда,
Гьелъул васал руго муг1рул росабалъ.
Россия гуро, гьаб Дагъистан буго,
Гьудуллъуда рук1а рек1елъ бух1ила.

Ах1ана Дагъистан данде къеркьезе,
Кьалул кьолден жеги т1аса бахьич1еб.
Маг1арул хьиргъуялъ хвалчен бахьана,
Хъулухъ т1убач1ого жаниб лъеларин.

Муг1рул халкъ теларин вач1ана тушман,
Тулъараб чодаса рещт1ич1о имам.
Эркенлъи бук1ана т1алаб гьабулеб,
Т1аде цураб зулму зарпаб бук1ана

Г1умруялда гьоркьоб кьог1лъи т1амулин,
Т1еренал кунузул г1арщал лъугьана.
Гьедана зарал кьан къуркьиларилан,
Кьо-ях1 намус бугел маг1арул васал.

Гьедана даргиял, цадахъ чачанал,
Чукъбуца мерхьине Ват1ан теларин,
Рик1к1алъа рорч1арал боял рач1ана,
Ч1агольи теларин муг1рул ракьалда.

Рокьукъаб каламгун сардар ах1т1ана
Гулил харил ц1а лъун бух1е ч1ч1урх1еян.
Рух1ана ч1ч1урх1ана муг1рул росаби,
Харбий чи теларин лъугьана тушман.

Гьеб такрар гьабуна чанго сонаца ,
Чидар ракьалда хвел батана гьезий.
Берал къапуларел, къуркьи лъаларел
Чан кьвак1аб ц1удуца ц1ар нахъе тараб.

Хиянатаб рагъалъ гьоркьч1елги гьабун,
Чан гъалбац1 кьижараб кьолоде щапун.
Щобал к1к1алал бидулъ рельун рук1ана,
Рек1аралгин лъелал г1урус полказул.

Ват1аналда щвараб къоги к1очон тун
Къанщич1о имамас макьие берал.
Г1асиял кьвагьдеялъ кьог1ал питнабаз,
Кьуру хьит1 г1одулел гьаркьал рук1ана.

Рек1араз хвалчаца лъелаз хонжроца
Кьот1улев т1от1олев вук1ана тушман.
Чан миск1инасул бет1ер лага бат1алъун,
Г1алхул хъурмаз хьарсун ракьа хут1араб.

Ах1ич1ого щвани–бух1ич1ого кьун,
Кьалул г1адлу-низам квешаб бук1уна.
Пачаясе гьелъул ургъел бук1инч1о,
Ургъич1еб рагъуца ругънал лъеялъул.

Ц1об гьеч1еб питнадул пунц1ураб щидал,
Г1адамазда гьоркьоб кьог1лъи ч1ехьана.
Ч1ух1дае гъуризе боял т1аде гъун,
АхIул гохIил т1алъи т1ун балеб буго.

ГурхIел гьечIо гьаниб кьалул хIал буго,
Кьвагьи гIарададул цIикIкIунеб буго.
ЦIия-цIияб-аскар хисулеб буго,
Хвалил кьолден тIаде бегьулеб буго.

Балеб гулил гьаракь кьотIулеб гьечIо,
Кьадаралде щвараз щобал цIун руго.
Имамас кьварараб буюрухъ кьуна,
Кьалда нахъе кьарав кьотIун рехеян.

Хвалчадул чапиги чодул пунхьиги,
Нахъаса кьотIулел гьаркьал рукIинчIо.
Аллагьан ахIана хIал дуца кьеян,
Кьалул цIа пирхана киса-кибего.

Кьварарав лебалав хIинкъи-къай гьечIев,
Шамил имам бода цеве вахъана.
Гьес хвалчен бахьана байрахъ борхана,
Борхараб гьаракьалъ гьедана цадахъ.

Ахирисел бияl гIодор тIечIого,
Тушманги нахъе тун нахъ руссинарин.

ГIиял рехъабалъе хъурмал гIадинан,
ГIурус аскаразде гьорлъе журана.

Щивас ахIи бана гъазаваталъе,
Гъоркьан унел иххал бидул рукIана.
Жинца лъураб цIаца живго вухIана,
РухIарал росабалъ жалго рукъана.

Жаназа гурони нахъе жо инчIо,
Ижараялъ ккурал рагъухъабазул.
Солдат щай Дагъистан Дуе хIажатаб
ХIиллаялъ пачаяс вичунги восун.

Бесдаллъила лъимал, рукъ пасалъила,
Лъадиги цогидас цадахъ ячина.
АхIулгохI кидаго цIуне рекIеда,
ЦIадуца роркьарал кьуру-хьитIалги.

ГIашилдерил ясал цере чIезаре,
Росгин-вац чIваралъур хвалчад рагъарал,
Пачаясул чурол чахьал цIезарун,
Чан инарал щварал Дагъистаналде.

Чорокаб гIарцуца гIундул кIичIарал,
ГIанкIидаса цIоко чанги бахъараб.
Дуе гьеб гIечIони ГIашилтIе вакке,
ГIасрабаз макьилъги бихьила дуда.

ГIакълу буго кьолеб кьал жибго теян,
Кьуруги хьитIалги хIанчIазе ругин.
ХIакъаб хабар буго нужей бицунеб,
Роцада рукIаян чидар ракьалда.

Рагъул хIасилазул согIлъи бичIчIине,
СалтIа ккараб кьалул хIасилал росе.
Нужей бичIчIун букIа, магIарул тIалъи,
Гьелъул бахIарзазул имамзабазул.

Зулмуялде данде хвалченги бахъун,
Гъазаваталъ хварал гьазизабазул.
Рекъав Тимурилги Надир Шагьасул,
Дуца кьиса цIале цIодорлъи щвезе.

Щар рагIараб ВатIан гьитIинаб улка,
Эркенлъуе гIоло кьеркьараб лъазе.
Нижер умумузул тарих кIочонге,
Шамил имамасул хвалчада хъвараб.

МагIарул халкъалъул хаслъиги бицун,
Хунзахъа ХIажимурад кIалъазе вугин.
Гьес баян гьабила Генуса Шамил,
Гуликьги цIадукьги кин кьеркьаравлъи.

ВатIаналъе гIоло, халкъалъе гIоло,
Халкъалъул мурадал тIуразе гIоло.
Хвеларо кидаго чIаго вуго мун,
ЧIухIула дудасан рорхатал мугIрул.

МагIарул инсуца жиндир васасда,
Щибаб рокъоб дур цIар ахIулеб буго.
АхIул гохIда хварал гьазизабазул,
Гъазават босарал мюридзабазул.

Меседалъ цIар хъвана таварихалда,
Наслуялъ ирсалъе нахъе цIунизе.
Дунял-гIаламалъе дарслъун букIине,
БукIана Шамилихъ хвалченги чуги..

Чода тIад лебалал нахъе къай гьечIел,
МагIарул васалги яхIги намусги.
Чухдикь гъал бахчарал Дагъистаналъул
Къадруял ясалги гьезул биценги.

Гьел гьарурай эбел жийго гьедана,
Жиндир хахараб рахь хIарамги гьабун,
ХIинкъарав васасе кьо хIехьечIезе,
ГIагараб Дагъистан нагьюги гьабун.

Гьеб гIадлуги гьаги ирсалъе кьуна,
Кьерилаз цоцахъе васият гьабун.
Росулъа росулъе, мугIрул тIогьазде,
ГIун рачIунел гIелаз нахъе цIунизе.

ГIалидибирБАШИРОВ.

**«Щивго кIочон гьечIо, щибго кIочон гьечIо»**

# РАКIАЛДАСА УНАРО РАГЪУЛ БАХIАРЗАЛ

КIудияб ВатIанияб рагъда гитлерилаб фашизмалда тIад советхалкъалъ, дунялалъул таварихалда жеги букIинчIеб, цIар рагIараб Бергьенлъи босаралдаса тIубана 77 сон.

Исанаги нилъер халкъалъ кIодо гьабуна рохалилги, гьелдаго цадахъ рекIел бухIиялъулги байрам-9 май. Гьеб байрам ккола нилъее байрамазда гьоркьоб бищунго хIурматияб ва бищунго хирияб. Лъилниги щаклъи гьечIо, гьеб Бергьенлъиялъул кьо кIудияб рохел букIиналда. Нилъеда кидаго ракIалда букIина гьеб Бергьенлъи нилъее бигьаго щвараб гьечIеблъи, гIемер камиялги ккун щвараб букIин.

Дагьаб цIараки бугеб нижер ТIасутIа росулъан гитлерилаб фашизмалдаса гIагараб Улкаялъул ракь цIунизе 1941-1945 соназ КIудияб ВатIанияб рагъде ана 36 чи.

Ниж рокъоре тIад руссине руго тушманасда тIад ракIчIараб Бергьенлъиги босун. Гьединаб магIнаялъул рачIунел рукIана гьезул рокъоре хъвалел кагъталги.

КIудияб ВатIанияб рагъул байбихьудаго жидеего бокьун рагъде ана нижер гIолохъаби ва

бахIарчияб къагIидаялда рагъана ВатIаналъул эркенлъиялъе гIоло.

БагIарармиялъул ротаялъул кIудияв, Мирзаханов Шайитхан гьавуна 1923 соналъ Болъихъ районалъул ТIасутIа росулъ векьарухъанасул хъизаналда. Росулъ 4 классги лъугIизабун хIалтIана колхозалда. Рагъ байбихьун хадуб, гIумрудул 18 сон тIубарав гIолохъанчи гьев ана ВатIан цIунун тушманасде данде вагъизе.

Рагъда бихьизабураб гьунаралъухъ Шайитхан мустахIикълъана «Багьадурлъиялъул» медалалъе ва цогидалги батIи-батIиял шапакъатазе.

Жакъаги росуцоязе кIочонареллъун хутIун руго рагъда тIагIаразул цIарал:

Асланбегов Мирзабег, Аслудинов МухIамадшарип, АсхIабов ХIажимурад, Асулбегов Шарухан, МухIамадов КъурбанхIажи, МухIамадов ГIумархIажи, Сурхаев Исуб, Сиражудинов Рашидбег, Шамсудинов ХIасан, ХIасанов СагIадудин, ХIажибегов НурмухIамад, МухIамадов Пайзула, Мирзаханов Шайитхан, Нуралиев ТIалхIат, ГIалиев Давудбег, ЖабрагIилов ИсмагIил, ГIалиев Башир, Юсупов Байсунгъур, Насрудинов АбдулвахIид, ГIалибегов ЛабазанхIажи, Ибрагьимов Асайхан, ГIалиев МухIама, Рамазанов МухIама, Юсупов ИбрагьимхIажи, Ибрагьимов МуртазагIали.

ТIасдерида киданиги кIоченаро КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIи- росуцоял. Росулъ рагъул гIахьалчагIазе бан буго памятник. Щибаб соналъ байрамалъул хIурматалда, памятникалда цере лъола чIагоял тIугьдул.

«Аллагьас мунагьал чураги киназулго. Амин».

**МухIамад МухIамадбегов,**
**ТIасутIа школалъул учитель.**

---

## РАСПОРЯЖЕНИЕ

**06.07.2022 г.** **№ 11** **с. Анди**

**«О проведении торгов в форме аукциона по предоставлению в аренду земельных участков, находящихся в муниципальной собственности»**

В соответствии со статьями 39.6, 39.11, 39.12 Земельного Кодекса Российской Федерации, Устава СП "сельсовет «Андийский":

1. Организовать и провести торги в форме аукциона на право заключения договора аренды следующих земельных участков:

1.1. Земельный участок с кадастровым номером 05:23:000031:359, общей площадью 70052 кв. м, категория земель – земли сельскохозяйственного назначения пунктов, разрешенное использование – под сельхоз использование, расположенного по адресу: Республика Дагестан, Ботлихский район, село Анди, установив начальный размер годовой арендной платы в размере 24 000 (двадцать четыре тысячи) рублей 00 копеек. Срок аренды – 49 лет.

2. Торги провести в форме аукциона открытого по составу участников и открытого по форме подачи предложений.

3. Дата и место проведения торгов: 10 ч. 00м. 08.08. 2022 г. в здании администрации СП «сельсовет «Андийский» по адресу: Республика Дагестан, Ботлихский район, с. Анди, ул. Центральная, 55.

4. Опубликовать извещения о проведении аукциона не менее чем за тридцать дней до дня проведения аукциона в газете «Дружба», на официальном сайте администрации СП «сельсовет «Андийский» анди05.рф

Глава администрации
СП «сельсовет «Андийский» А.П. Шамхалов


ГЬУДУЛЛЪИ

**Газета гIуцIарал:**

«Болъихъ район» муниципалияб районалъул администрация

**Учредители:**

Администрация МР «Ботлихский район»

Директорасул ишал тIуралев
А. Агъларов

Мухбирзаби:
ГI. МухIамадова
П. Дибирова
П. Камилова
М. МухIамадова
ХI. ХIасанхIажиев

Фотокорреспондентал:
К. Камилов
Ш. МуртазагIалиев

Корректор
П.МухIамадова

Наборщица
П. Эльдарова

Дизайнер
С. Камилова



*Индекс: 368970*

*Адрес:*

Индекс: 368971. Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Имам ГъазимухIамадил къватI, 103

*Телефон:*
*Директорасул*
*8928 680 50 42*

*Эл. адрес druzhba555@mail.ru*



*Газета биччана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.*

*Адрес: 367018, МахIачхъала, Петр-I-ясул къватI, 61*

*Тираж -800 Индекс-51349*

*Заказ № _____*

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан. от 31 мая 2017 года. ПИ № ТУ 05 - 00381**



**Редакциялъул кидаго гуреб макъалабазул авторазулгун пикраби данде кколел. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул ва баяназул жаваб кьола гьезул автораз.**